



## Sezon virus respiratwa ak mete mask

Kesyon yo poze pi souvan yo

Ki jan Mass General Brigham ap pwoteje pasyan li yo, pèsonèl la ak vizitè li yo pandan sezon virus respiratwa yo?

Nou kontinye siveye aktivite virus respiratwa yo (tankou grip, COVID-19, RSV, ak lòt) pandan tout ane a. Ou pral wè chanjman nan Mass General Brigham ki baze sou nivo virus respiratwa a nan kominate a:

**Soti nan 8 avril 2025, nou te pase de yon nivo wo aktivite virus respiratwa a yon nivo lejè/modere. Aksyon nou pran yo depann de nivo aktivite virus la.**

- **nivo lejè/modere** aktivite virus respiratwa nan kominate a.  
Lè nou nan nivo lejè/modere, ou ap wè:
  - Rapèl pou:
    - Pran vaksen.
    - Pratike [ijyèn respiratwa ak etikèt pou touse](#). Sa vle di kouvri bouch ou lè ou ap touse/estène epi lave men w aprè sa.
    - Di ekip swen w lan sa si w pa santi w byen anvan randevou yo.
  - Tès pasyan ki gen sentom virus respiratwa yo.
- **Nivo wo** aktivite virus respiratwa nan kominate a.  
Nan **nivo wo**, ou ap remake bagay sa yo (anplis de tout entèvansyon nan nivo lejè/modere yo):
  - Ekip swen ou an ak lòt pèsonèl yo ap mete yon mask figi etablisman yo bay pandan entèrakson dirèk avèk pasyan yo nan chanm pasyan yo ak lòt zòn swen klinik kote y ap bay swen dirèk yo.
  - Yo ap ankouraje pasyan yo ak vizitè yo pou yo mete yon mask pou figi etablisman yo bay la pandan entèrakson dirèk ak pèsonèl yo nan chanm pasyan yo ak zòn swen klinik kote yo bay swen dirèk. Pasyan ak vizitè yo pa oblige mete yon mask si yo pa prefere fè sa.

- Mete mask pa obligatwa nan sal dakèy ak lòt zòn piblik yo.

Gade pi ba a pou w jwenn yon eksplikasyon plis detaye sou ki done yo itilize pou detèmine nivo aktivite virus lejè/modere ak wo yo.

**Ki jan Mass General Brigham ap siveye sezon virus respiratwa pou deside lè nou nan yon nivo lejè/modere oswa wo nan aktivite virus respiratwa?**

Mass General Brigham apiye li sou yon mezi Rezo Ameriken Siveyans Maladi tankou Grip pou Pasyan Ekstèn (Outpatient Influenza-like Illness Surveillance Network, ILINet) nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ([Center for Disease Control, CDC](#)).

ILINet gen done ki sòti nan tout 50 Eta yo, Pòtoriko, Distri Columbia, ak Zile Vyèj Ameriken yo. Plis pase 110 milyon vizit pasyan yo te rapòte pandan sezon 2022-23 a.

ILINet siveye pou wè nan ki frekans sentom maladi viral yo ye. Sa yo se sentom lafyèv ak tous oswa gòj fè mal yo. CDC bay done sa yo dekonpoze an rejon jewografik. Peyi a divize an 10 rejon. Tout lokal Mass General Brigham yo nan [Rejon 1](#).

**Antanke rapèl, kelkeswa peryòd nan ane a, tanpri kontakte ekip swen w lan si w gen youn nan sentom sa yo avan yon randevou an pèsòn:**

- Gen fyèv oswa lòt sentom [tankou grip](#)
- Gen yon enfeksyon COVID-19 pandan 10 dènye jou yo.
- Te ekspoze ak COVID-19 pandan 10 dènye jou yo.

**Èske pasyan yo dwe mete yon mask?**

Pasyan yo ta dwe mete mask si yo:

- Gen fyèv oswa lòt sentom [tankou grip](#)
- Gen yon enfeksyon COVID-19 pandan 10 dènye jou yo.
- Te ekspoze ak COVID-19 pandan 10 dènye jou yo.

**Ki apwòch Mass General Brigham pou ogmante aktivite virus respiratwa nan kominote a?**

Nan fen Ijans Sante Biblik (Public Health Emergency, PHE) nan mwa me 2023, otorite eta yo te raple tout òganizasyon swen sante yo pou yo devlope plan pa yo. Nan kad plan nou an, pasyan yo ak vizitè yo pral wè chanjman lè aktivite virus la chanje.

**Èske tout etablisman ak sistèm swen sante nan Massachusetts ak New Hampshire ap fè menm bagay yo?**

Pa gen okenn manda nan tout eta a ki detèmine kisa chak sistèm sante dwe fè. Chak lopital/sistèm ap deside kijan yo ta renmen kontwole sezon an.

Tout lopital ak etablisman swen sante nan sistèm Mass General Brigham yo ap suiv menm politik la. Ou ka jwenn yon lis konplè manm Mass General Brigham yo sou sit entènèt nou an.

Lòt lopital ak etablisman swen sante ki pa fè pati sistèm Mass General Brigham lan kapab gen yon apwòch diferan pou mete mask ak lòt entèvansyon.

**Èske mwen ka chwazi mete pwòp mask mwen nan yon randevou? Poukisa mwen menm tou oblige mete yon mask Mass General Brigham sou mwen?**

Ou ka mete pwòp mask oswa respiratè N95 ou. Si w chwazi fè sa, ou dwe mete yon mask etablisman an bay. Nou mande tout pasyan ki mete mask pou yo fè sa paske gen kèk pasyan ki oblige mete mask. Lè w mete youn nan mask nou yo sou mask domestik ou, li ede nou konnen mask w ap mete a pwòp epi efikas. Mèsi pou konpreyansyon w.

**E si mwen ta renmen moun k ap bay swen mwen an mete yon mask? Èske mwen ka mande doktè mwen an sa?**

Nou pran angajman pou asire pasyan yo ka jwenn aksè nan swen medikal nan yon fason ki an sekirite epi ki apwopriye. Nou toujou pran prekosyon apwopriye pou pwoteje tout pasyan yo. Politik nou yo baze sou gid sante piblik ak pa ekspè an kontwol enfeksyon nou yo. Gen sikonstans lè ou mete mask se yon entèvansyon medikal ki apwopriye. Nan sikonstans sa yo, moun k ap bay swen yo ak/oswa pasyan yo ap kontinye pote mask, daprè règleman nou yo. Pasyan yo ka mande, men founisè yo detèmine ki lè ak si mete mask nan yon sitiaysyon patikilye nesesè nan yon pwendvi klinik.

***N ap toujou konsidere nenpòt demann pou akomodasyon jan Lwa sou Ameriken Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA) rekòmande sa. Nenpòt demann ki gen menm nati ak sa a ta dwe fèt bay founisè w la.***

**Poukisa n ap fè Maskaj Sible epi pa Maskaj Inivèsèl jan nou te fè pandan pandemi an?**

Pandan pandemi COVID-19 la, nou te itilize mask inivèsèl (tout moun ki te mete yon mask nan tout lokal nou yo) paske nou te gen kèk lòt mezi prevansyon oswa opsyon tretman ki disponib. Men sa yo genyen ladan yo yon mank vaksen, tretman COVID-19, ak lòt mezi. Pandan n ap antre nan sezon virus respiratwa regilye yo, apre pandemi, n ap vize itilizasyon yon varyete mezi prevansyon. Sa yo enkli maskaj sible.

*Mizajou 21 mas 2025*

Ou ka enterese tou nan

Verifikasyon elektwonik

Tcheke anvan randevou w la

Politik vizitè yo

Li dènye politik la epi planifye davans

Jwenn yon lokal

Jwenn enfòmasyon kontak pou yon kote toupre ou.